



(SÈVIS PIBLIK
MIRAMAR YO,
SE BATMAN KÈ
VIL LA)



Office of Operational Services (Biwo Sèvis Operasyonèl yo)
Department of Utilities (Depatman Sèvis Piblik yo)
13900 Pembroke Road | Miramar, FL 33027

MiramarFL.gov/waterquality

VIL MIRAMAR

RAPÒ SOU KALITE DLO POU ANE 2024



(SÈVIS PIBLIK
MIRAMAR YO,
SE BATMAN KÈ
VIL LA)



Majistra
Wayne M. Messam

MANADJÈ VIL LA

Dr. Roy L. Virgin, MPH, PhD



Vis Majjistrat
Yvette Colbourne

MANADJÈ ADJWEN VIL LA

Kelvin L. Baker, Sr.



Komisyonè
Maxwell B. Chambers

ASISTAN MANADJÈ VIL YO

Adam L. Burden, II
Shaun D. Gayle
Stephen E. Johnson



Komisyonèz
Avril K. Cherasard



Komisyonè
Carson "Eddy" Edwards

DIREKTÈ SÈVIS PIBLIK YO

Francois Domond, P.E.



(BIWO SÈVIS OPERASYONÈL YO)
OFFICE OF OPERATIONAL SERVICES

Department of Utilities • 13900 Pembroke Road, Miramar, FL 33027
(Depatman Sèvis Piblik yo)

MiramarFL.gov/waterquality



CHÈ REZIDAN YO AK BIZNIS YO NAN MIRAMAR:



Nan non Vil Miramar, mwen kontan prezante Rapò Anyèl sou Kalite Dlo a pou Ane 2024 la. Rapò sa a reflete efò anplwaye devwe Vil la ki travay san rete pou founi yon apwovizyonman dlo potab ki san danje e ki fyab.

Ou pral kontan konnen ke Miramar kontinye devlope enfastrikti Vil la pou satisfè bezwen aktyèl yo ak bezwen nan tan ki pral vini yo pandan n ap panse a fyabilite ak dirabilite. Pwogram Amelyorasyon Kapital nou an (CIP, Capital Improvement Program) pèmèt nou kenbe ak amelyore enfastrikti dlo, dlo ize, ak reutilizasyon dlo. Nou konsewva Pwojè CIP yo pou ranplase ekipman k ap pran laj nan izin tretman nou yo, ogmante kapasite tretman an pou adapte nou a kwasans popilasyon an, amelyore pwosede tretman yo, epi reyabilite ak/oswa modènize sistèm distribisyon dlo ak sistèm dlo ize nou yo k ap pran laj. An 2024, Vil la te fè amelyorasyon nan sistèm sèvis piblik la avèk pwojè kapital nou pral di la a yo:

An 2024, Vil la te fè amelyorasyon nan sistèm sèvis piblik la avèk pwojè kapital nou pral di la a yo:

- Konstriksyon an ankou pou Analiz Kapasite ak Modènizasyon Izin Resiklay Dlo Ize a.
- Konsepsyon an ak Rive Jwenn Pèmi an, yo konplete a 100 pousan pou Faz 3 Pwojè Konduit Prensipal Rannch Country Club yo.
- Konstriksyon an ankou pou nouvo tren Osmoz Envès 2.5 Milyon Galon pa Jou a (MGD) nan Izin Tretman Dlo ki nan pati Lwès vil la (West Water Treatment Plant).
- Faz konsepsyon an te rive konplete a 60 pousan pou ajoute de (2) nouvo pui dlo brit Floridyen nan Izin Tretman Dlo ki nan pati Lwès vil la (West Water Treatment Plant).
- Faz konsepsyon an te rive konplete a 75 pousan pou separètè sab yo nan Izin Tretman Dlo ki nan pati Lès vil la (East Water Treatment Plant) ki nesèsè pou fè pretretman (tretman alavans) dlo pui brit la.
- Pwogram Deteksyon Fuit la ranplase 99 branchman dlo (water service line) epi enstale 123 detektè presyon dlo.

Pwojè Depatman Sèvis Piblik yo ke nou prezante anwo a, yo montre ke Vil Miramar devwe pou li founi dlo potab san danje e fyab ki respekte tout nòm kalite dlo (regleman sou kalite dlo) ki egziste nan nivo Federal, nan nivo Eta a, e nan nivo lokal.

Bèl salitasyon pou nou,

Dr. Roy L. Virgin
Manadjè Vil la



(IZIN TRETMAN DLO NAN PATI LÈS LA)



(IZIN TRETMAN DLO NAN PATI LÈS LA)

Pou tout demand enfòmasyon, egzanp: fuit dlo, aktivasyon sèvis dlo, kesyon konsènan bòdwo dlo (fakti dlo) ak kesyon jeneral, tanpri kontakte sèvis kliyan nan telefòn **(954) 602-HELP (4357)** oswa voye yon imel pou customerservice@miramarfl.gov oswa vizite miramarfl.gov/customerservice

Enstitisyon ki pwodui Rapò sou Dlo Miramar sa a, se Depatman Sèvis Piblik Vil Miramar (Department of Utilities), nan Florid. Pibliye an jen 2025.

Li disponib tou ann Espayòl ak an Kreyòl nan:
Water Quality Laboratory | Miramar, FL (miramarfl.gov/waterquality)



KI KOTE NOU JWENN DLO NOU AN?



Dlo potab Miramar la soti nan de (2) rezèvwa anba tè: Akifè Biscayne nan ak Akifè Floridyen an (Biscayne Aquifer and Floridan Aquifer). Akifè Biscayne nan se yon zòn ki pore anpil (li gen anpil ti twou ladan) ki recharge prensipalman pa dlo lapli e pa sous dlo sifas, sitou Lak Okeechobee ak Everglades yo. Li sitiye apeprè soti 60 pou rive 150 pye anba sifas tè Miramar la. Akifè Floridyen an se yon akifè ki pi fon e pi konfine (fèmen), kote yo tire dlo a a apeprè 1,350 (mil twasan senkant) pye anba sifas tè Miramar la.

TRETMAN DLO MIRAMAR

Vil Miramar posede e fè fonksyone de (2) izin tretman dlo, Izin Tretman Dlo nan pati Lès la ak Izin Tretman Dlo nan pati Lwès la, toulède resevwa dlo ki soti anba tè ke yo tire nan Akifè Biscayne nan ak Akifè Floridyen an pa lentèmedyè pui pwodiksyon. Dlo a pase nan de (2) pwosede diferan; Izin Tretman Dlo nan pati Lès la itilize pwosede tretman nanofiltrasyon an; Izin Tretman Dlo nan pati Lwès la itilize ni pwosede nanofiltrasyon an ni pwosede osmoz envès la. Yo konsevwa toulède pwosede yo pou retire sediman, bakteri danjere ak sèten mineral anvan dezenfeksyon pa klorasyon.

YON MESAJ AJANS PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN (EPA)

Pou kapab garanti ke dlo tiyo a p ap bay moun ki bwè li yo ankenn pwoblèm, EPA emèt reglemantasyon ki limite kantite sèten kontaminan nan dlo ke sistèm dlo piblik yo founi. Reglemantasyon Ajans Pwodui Alimantè ak Medikaman yo (FDA) fikse limit pou kontaminan nan dlo ki nan boutèy, sa ki dwe bay menm pwoteksyon an pou sante piblik.

Moun kapab atann yon fason rezonab aske dlo potab, enkli dlo nan boutèy, gen ladan omwen ti kantite kèk kontaminan. Prezans kontaminan pa nesesèman endike ke dlo a prezante yon risk pou lasante. Pou nou jwenn plis enfòmasyon sou kontaminan yo ak fason yo kapab ajì sou lasante, nou kapab rele Nimewo Ijans Ajans Pwoteksyon Anviwònman an pou Dlo Potab San Danje nan **1-800-426-4791**.

KIJAN KONTAMINAN YO FÈ ANTRE NAN DLO POTAB LA?

Sous dlo potab yo (ni dlo tiyo, ni dlo nan boutèy) enkli rivyè, lak, riso (kò yon sous oswa plizyè kò sous ki fè yon sèl), etan, rezèvwa, tèt sous ak pui. Pandan dlo a ap vwayaje sou sifas tè a oswa atravè tè a, li disoud mineral ki prezan natirèlman yo (dlo a fonn mineral yo

epi kenbe yo andedan li) epi nan kèk ka, materyo radyo-aktif, epi tou dlo a kapab ranmase sibstans ki la akòz prezans bèt oswa akòz aktivite moun.

Kontaminan ki kapab prezan nan dlo sous yo enkli:

- A. Kontaminan mikwobyen yo, tankou viris ak bakteri, ki kapab soti nan izin tretman dlo ize yo, sistèm septik yo, operasyon elvaj yo, ak bèt sovaj yo.
- B. Kontaminan inòganik yo, tankou sèl yo ak metal yo, ki kapab prezan natirèlman oswa ki kapab pwodui apati dlo lapli k ap kouri atè oswa nan rigòl nan vil yo (risèlman dlo lapli nan vil yo), rejè dlo ize endistriyèl oswa domestik, pwodiksyon petwòl ak gaz, eksplwatasyon min, oswa agrikilti.
- C. Pestisid ak èbisid, ki ka soti nan divès kalite sous tankou agrikilti, risèman dlo lapli nan vil yo ak itilizasyon pwodui sa yo nan kay.
- D. Kontaminan chimik òganik, gen ladan yo pwodui chimik òganik sentetik e volatil, ki se sou-pwodui pwosede endistriyèl ak pwodiksyon petwòl, epi ki kapab soti tou nan estasyon gaz, risèlman dlo lapli nan vil yo ak sistèm septik.
- E. Kontaminan radyo-aktif, ki kapab prezan natirèlman oswa ki kapab vini apati pwodiksyon petwòl ak gaz epi eksplwatasyon min.

MOUN KI GEN SISTÈM IMINITÈ DEFISYAN YO

Gen sèten moun ki kapab pi vilnerab a kontaminan ki prezan nan dlo potab yo pase popilasyon jeneral la. Moun sistèm iminitè defisyan yo, pa egzanp moun ki gen kansè e ki sou chimyoterapi, moun ki te sibi transplantasyon ògàn, moun ki gen VIH/SIDA oswa lòt maladi sistèm iminitè, kèk granmoun ki gen anpil laj epi timoun, yo kapab gen yon risk espesyal pou yo frape anba sèten enfeksyon. Moun sa a yo ta dwe chèche konsèy nan men founisè swen sante yo konsènan dlo y ap bwè a. Direktiv EPA/CDC konsènan mwayen apwopriye pou diminye risk enfeksyon pa Kriptosporidyòm ak lòt kontaminan mikrobiyolojik yo, yo disponib nan **Nimewo Ijans EPA a pou Dlo Potab San Danje nan 800-426-4791**.

PLON NAN DLO POTAB

Si gen plon nan dlo a, nivo plon ki wo kapab lakòz pwoblèm sante grav, espesyalman pou fanm ansent ak jèn timoun. Plon nan dlo potab vini prensipalman apati materyo ak konpozan ki asosye a branchman dlo yo (service lines) e a plonbri kay. Vil Miramar gen responsabilite pou li founi dlo potab bon kalite, men li pa kapab kontwòle divès kalite materyo ki itilize nan konpozan plonbri yo. Apre dlo w la fin poze pandan plizyè èdtan, ou kapab minimize posibilite ekspozisyon a plon an lè ou jete yon ti dlo pa lentèmedyè wòbinèt ou a pandan 30 segond a de (2) minit anvan ou sèvi ak dlo a pou bwè oswa pou kwit manje. Si ou gen enkyetid konsènan plon nan dlo w la, ou kapab vle fè analize dlo w la. Enfòmasyon sou plon nan dlo potab, metòd analiz yo, ak aksyon ou kapab fè pou minimize ekspozisyon an, yo disponib nan **Nimewo Ijans pou Dlo Potab San Danje nan 800-426-4791** oswa nan epa.gov/safewater/lead.

KALITE DLO A

Sistèm dlo piblik Vil Miramar la siveye regilyèman prezans kontaminan nan dlo potab ou a konfòmman a lwa, règ ak reglemantasyon Federal e etatik yo. Eksepte lè nou endike yon lòt bagay, rapò sa a baze sou rezilta siveyans nou an pou peryòd soti 1^{ye} (premye) janvyè pou rive 31 desanm 2024. Done nou rive jwenn anvan premye janvyè 2024 yo ki prezante nan rapò sa a, yo vini apati tès ki pi resan yo ki fèt konfòmman a lwa yo, règ yo ak reglemantasyon yo.

Izin Tretman Dlo (WTP) Vil Miramar yo, yo konfòm a tout Reglemantasyon Nasyonal Konsènan Dlo Potab Primè yo. Yo fè tès radyo-aktivite yon fwa chak ane.

Yo te pran echantyon plon ak kuiv nan 76 sit volontè nan mwa Jen 2023. Valè nan 90yèm santil dènye echantyon yo te pran pou plon ak kuiv la, yo rapòte yo nan tablo ki vini anba la a. Y ap fè pwochen echantyonaj plon ak kuiv la disisi Jen 2026.



EVALYASYON SOUS DLO

An 2024, Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid la te reyalize yon Evalyasyon Sous Dlo sou sistèm nou an. Yo te fè evalyasyon an pou bay enfòmasyon sou kèlkeswa sous potansyèl kontaminasyon nan vwazinaj pui nou yo. Gen sis (6) sous potansyèl kontaminasyon ki te idantifye pou sistèm sa a avèk nivo siseptibilite fèb. Rezilta evalasyon yo disponib lè nou rele Sèvis Kliyan Vil Miramar nan 954-602-HELP (4357) oswa lè nou vizite sit wèb Pwogram Evalyasyon ak Pwoteksyon Sous Dlo FDEP a nan <https://prodapps.dep.state.fl.us/swapp/>

DEFINISYON
AK ABREVIYASYON

A: absan

Nivo Aksyon (AL): konsantrasyon yon kontaminan ki, si li twò wo, li ap deklannche tretman oswa lòt egzijans ke yon sistèm dlo dwe suiv.

Nivo Maksimòm Kontaminan (MCL): Pi wo nivo yon kontaminan ke yo otorize nan dlo potab. Yo fikse MCL osi pre posib de Objektif Nivo Kontaminan Maksimòm lan (MCLG) jan sa posib pandan yo itilize pi bon teknoloji pou tretman ki disponib lan.

Objektif Nivo Maksimòm Kontaminan (MCLG): Nivo yon kontaminan nan dlo potab ke anba nivo sa a pa gen ankenn risk pou lasante ke yo konnen oubyen ke yo atann. MCLG yo pèmèt ke gen yon maj sekirite.

Nivo Maksimòm Dezenfektan Rezidyèl (MRDL): Pi wo nivo yon dezenfektan ke yo otorize nan dlo potab. Gen bon jan prèv ke li nesèsè pou ajoute yon dezenfektan pou kontwole (elimine) kontaminan mikwoyen yo.

Objektif Nivo Maksimòm Dezenfektan Rezidyèl (MRDLG): Nivo yon dezenfektan dlo potab ke anba nivo sa a pa gen ankenn risk pou lasante ke yo konnen oubyen ke yo atann. MRDLG yo pa refilete avantaj ki genyen nan itilizasyon dezenfektan pou kontwole (elimine) kontaminan mikwoyen yo.

NA: pa aplikab

Yo pa detekte li (ND): sa endike ke analiz laboratwa pa jwenn ankenn kontaminan.

Pati pa milya (ppb) oswa mikwogram pa lit (ug/L): yon pati an pwa analit pou yon milya pati an pwa echantyon dlo a.

Pati pa milyon (ppm) oswa miligram pa lit (mg/L): yon pati an pwa analit pou yon milyon pati an pwa echantyon dlo a.

Pikokiri pa lit (pCi/L): yon mezi radyoaktivite dlo.

Teknik Tretman (TT): yon pwosede ki obligatwa pou redui nivo kontaminan nan dlo potab.

LEJAND KONTAMINASYON	
	Prezan natirèlman nan anviwònman an.
	Ewozyon depo natirèl yo.
	Rejè ki soti nan izin angrè ak izin aliminyòm.
	Aditif dlo ki favorize dan solid lè li a yon nivo optimòm 0.7 ppm.
	Dlo sale ki antre, lesivaj sòl la (dlo a pase nan tè a epi yon pati nan eleman ki te nan tè a tou rete nan dlo a).
	Sou-pwodui dezenfeksyon dlo potab.
	Aditif dlo ke yo itilize pou kontwole (elimine) mikwòb.
	Kowozyon (egzanp: lè yon bout fè wouye) sistèm plonbri kay.
	Lesivaj pwodui prezèvasyon bwa (dlo a pase nan pwodui a epi yon pati nan pwodui a tou rete nan dlo a).
	Rejè dechè foraj.
	Rejè ki soti nan pwodui famasi ak nan izin chimik.
	Rejè ki soti nan rafinri petwòl ak nan rafinri metal (izin ki pwodui petwòl rafine, izin ki pwodui metal rafine).
	Rejè ki soti nan min.
	Rejè ki soti nan asyeri (izin ki pwodui asye) ak nan izin pat a papyè.
	Kowozyon (egzanp: lè yon bout fè wouye) tiyo galvanize yo.
	Dlo k ap kouri atè (risèlman) ki pase nan vye batri ak nan vye penti ki pa sèvi ankò.
	Rejè ki soti nan rafinri metal (izin ki pwodui metal rafine).
	Dechè fekal (poupou) moun ak bèt.


TABLO KALITE DLO A NAN VIL MIRAMAR POU ANE 2024
Premye JANVYE 2024 - 31 DESANM 2024

KONTAMINAN MIKWOBIOLOJIK YO							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon TT Wi ou Non (W/N)	Rezilta	MCLG	TT	Sous Kontaminasyon pwobab	
1. Bakteri Kolifòm Total	01/24-12/24	N	N/A	0	TT		
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon MCL Wi ou Non (W/N)	Kantite Echantiyon Pozitif pou Ane a	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon pwobab	
2a. E. Coli **	01/24-12/24	N	0	0	Echantiyon woutin yo ak echantiyon repete yo, yo pozitif pou kolifòm total e swa pozitif pou E. coli e swa pozitif pou E. coli oubyen sistèm lan pa pran echantiyon repete apre yon echantiyon woutin pozitif pou E. coli oubyen sistèm lan pa analize echantiyon repete pozitif kolifòm total pou E-coli		
KONTAMINAN RADYOAKTIF YO							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon MCL Wi ou Non (W/N)	Nivo Detekte	Etandi Rezilta yo	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon pwobab
Radyòm 226 (pCi/L)	8/7/2024	N	0.6	ND-0.6	0	5	
KONTAMINAN INÒGANIK YO							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon MCL Wi ou Non (W/N)	Nivo Detekte	Etandi Rezilta yo	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon pwobab
Asenik (ppb)	8/7/2024	N	0.5	ND-0.50	0	10	Ewozyon depo natirèl; dlo k ap kouri atè (risèlman) ki pase nan jaden twa (sèvi); dlo k ap kouri atè (risèlman) ki pase nan vil (moun boudye etazini) ak dechè pèstisid pou agrikilti ak dechè pèstisid pou agrikilti ak dechè.
Baryòm (ppm)	8/7/2024	N	0.005	0.002-0.005	2	2	
Fliyò (ppm)	8/7/2024	N	0.67	0.52-0.67	4	4	
Nitrat (kòm Azòt) (ppm)	8/7/2024	N	0.12	0.12-0.12	10	10	Dlo k ap kouri atè (risèlman) ki pase nan angrè moun sèvi; lesivaj fè asye (moun latrin); dlo lè; ewozyon depo natirèl.
Sodyòm (ppm)	8/7/2024	N	28.8	24.3-28.8	N/A	160	
DEZENFEKTAN YO AK SOU-PWODUI DEZENFEKSYON YO							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon MCL Wi ou Non (W/N)	Nivo Detekte	Etandi Rezilta yo	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon pwobab
Asid Aloasetik yo (HAA5) (ppb)	2/24, 6/24, 08/24, 11/24	N	13.9	0.98-23.7	N/A	60	
Triolometan Total yo (TTHM) (ppb)	2/24, 6/24, 08/24, 11/24	N	29.3	0.39-33.9	N/A	80	
Klò (ppm)	01/2024-12/2024	N	2.14	1.93-2.26	MRDLG= 4	MRDL= 4.0	
PLON AK KUIV (DLO WOBINÈT/TIYO)							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	AL Depase Wi ou Non (W/N)	Rezilta 90yèm Santil	Kantite sit Echantiyonaj ki depase AL la	MCLG	AL (Nivo Aksyon)	Sous Kontaminasyon pwobab
Kwiv (dlo tiyo) (ppm)	6/23/2023	N	0.09	0	1.3	0.3	
Plon (dlo tiyo) (ppb)	6/23/2023	N	1.2	1	0	15	

Jan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an otorize epi apwouve sa, Eta a diminye egzijans siveyans yo pou sèten kontaminan a mwens pase yon fwa pa ane paske yo pa atann ke konsantrasyon kontaminan sa a yo pral varye anpil de yon ane a yon lòt. Gen kèk nan done nou yo konsènan Plon ak Kwiv, byenke yo reprezantatif, ki gen plis pase yon lane.

Senkyèm Règ EPA genyen konsènan Siveyans Kontaminan Ki Pa Reglemante yo: Amandman 1996 Lwa sou Dlo Potab San Danje a (Safe Drinking Water Act; SDWA), yo egzije pou EPA pibliye, yon fwa chak senk (5) lane, yon nouvo lis ki gen ladan pou pi plis 30 kontaminan ki pa reglemante, pou sistèm dlo piblik yo siveye kontaminan sa a yo. Yo te pibliye senkyèm Règ pou Siveyans Kontaminan Ki Pa Reglemante yo (fifth Unregulated Contaminant Monitoring Rule; UCMR5) nan Rejis Federal la nan dat 27 desanm 2021. UCMR5 egzije pou yo kolekte echantiyon pou 30 kontaminan chimik ant 2023 ak 2025. UCMR5 pral bay nouvo done ki pral amelyore konpreyansyon ajans lan sou ak ki frekans (chak kilè) yo jwenn 29 sibstans per- ak polyfluoroalkyl (PFAS) epi lityòm nan sistèm dlo potab peyi a, epi avèk ki konsantrasyon (nan ki nivo). Done siveyans yo sou PFAS ak lityòm pral ede EPA pran desizyon sou règleman nan tan k ap vini yo ak lòt aksyon pou pwoteje sante piblik nan kad SDWA. Nou oblije pibliye rezilta analiz kontaminan ki pa reglemante yo ki detekte nan rapò anyèl nou an sou kalite dlo a. Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou Règleman EPA pou Siveyans Kontaminan Ki Pa Reglemante yo ak UCMR5, tanpri vizite www.epa.gov/dwucmr/learn-about-unregulated-contaminant-monitoring-rule oswa rele Nimewo l'jans pou Dlo Potab San Danje a nan (800) 426- 4791.

KONTAMINAN SEGONDÈ YO							
Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyonaj (mwa/ane)	Vyolasyon MCL Wi ou Non (W/N)	Rezilta Ki Pi Wo a	Etandi Rezilta yo	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon pwobab
Fè (ppm)	8/7/2024	N	0.326	0.047-0.326	N/A	0.3	



KONSÈVASYON DLO

Dlo se yon eleman ki gen yon kokenn enpòtans nan lavi chak jou, konsève dlo se fason ki pi rantab e pi ekolojik (ki pwoteje anviwònman an) pou konsève resous natirèl nou yo. Pou fè pwomosyon pwoteksyon anviwònman ak konsyantizasyon piblik, Depatman Sèvis Piblik yo ofri enfòmasyon piblik ak pwogram edikasyon pou tout moun ki gen yon enterè nan ede redui konsomasyon dlo yo. Nou ofri pwogram sa a yo a gwoup sivik, asosyasyon pwopriyetè kay ak lekòl lokal, e nou disponib pou evènman jounen karyè. Pwogram nou yo gen ladan yo vizit izin, konsèvasyon dlo ak anviwònman, ak prevansyon re foulman egou. Pou pwograme yon evènman sansibilizasyon, tanpri rele **954-602-HELP (4357)** oswa voye yon imel pou CSRTHELP@miramarfl.gov.

Konsèvasyon dlo kòmanse avèk ou e avèk lè ou vin pran konsyans pou redui kantite dlo ou itilize lakay ou, avèk jwenn diferan fason pou sèvi ak mwens dlo. Sa ka pèmèt ou fè ekonomi lajan nan pwosesis la. Li pi fasil pase sa ou panse a. Men kèk ti konsèy konsèvasyon:

- Itilize machin a lave asyèt ak machin a lave rad yo sèlman pandan yo konplètman ranpli (full loads). Dekrase - pa rense - asyèt yo anvan ou mete yo nan machin a lave asyèt la. Fèmen wòbinèt la pandan w ap bwose dan w.
- Verifye chak wòbinèt nan kay la pou wè si pa gen fuit. Repare wòbinèt ki degoute yo pandan ou ranplase wondèl

- ki andedan yo a. Yon gout pa segond gaspiye 2,700 galon dlo pa an.
- Èske ou te konnen ke sèlman pandan w ap koute, ou kapab verifye WC w la pou wè si li gen fuit? Ou kapab verifye tou lè ou ajoute kèk gout kòloran manje nan tank lan, oubyen lè ou mete kèk grenn kòloran, ke Vil Miramar ofri gratis, epi gade pou wè si koulè a parèt nan bòl WC a san ou pa flòch. Si ou wè koulè a parèt nan bòl la, sa vle di ou gen yon fuit. Yon fuit WC mwayen kapab gaspiye jiska 100 galon dlo pa jou. Lè ou repare yon fuit WC, sa pèmèt ou ekonomize jiska 30,000 galon dlo pa an.
- Itilize kontè dlo w la pou detekte fuit moun pa wè, se yon bagay ki fasil. Kontè w la lokalize devan kay ou a tipikman tou pre twotwa a oswa lari a, li gen yon ti triyang oswa yon jounal dijital ki avanse oswa ogmante kantite li endike a pandan w ap sèvi ak dlo. Annik fèmen tout wòbinèt ou yo, tann 15 minit epi verifye kontè a ankò. Si ti triyang lan kontinye ap avanse oswa jounal ou a endike yon chif ki pi gwo, ou gen yon fuit. Tanpri kontakte ekip CSRT a nan 954-602-HELP (4357) si ou sispèk ke w gen yon fuit dlo.
- Enstalasyon briz-jè ayeratè ak pòm douch debi fèb se yon lòt mwayen efikas pou fè ekonomi dlo. Òdinèman, enstalasyon materyèl sa a yo kapab fèt alamen oubyen avèk yon kle sèlman.
- Sèvi ak yon bale oswa yon souflèz fèy olye yon kanbelann (kawotchou/tiyo awozaj) pou netwaye fèy ak lòt debri nan ale/antre kay ou a oswa sou twotwa w la.
- Evite flòch WC san nesessite. Jete mouchwa an papyè, ensèk, medikaman ak lòt fatra nan poubèl.

Ranplase WC ou yo ki itilize 1.6 galon pa flòch oswa plis pa WC Gran Efisyans (HETs) epi resevwa jiska 125 dola rabè pa WC. Tanpri note ke yo bay de (2) rabè HET pou pi plis pou chak menaj (fwaye/fanmi) epi si ou te achte oswa enstale WC ou genyen kounye a apre premye janvyè 1994, yo pa admisib pou rabè. Vizite www.conservationpays.com/about-us/#miramar

Ou wè kouman li fasil pou entegre ekonomi dlo nan aktivite fanmi toulejou w yo? Pou briz-jè ayeratè ak pòm douch debi fèb gratis, tanpri rele sèvis kliyan nan **954-602-HELP (4357)** oubyen ou kapab voye yon imel pou nou nan CSRTHELP@miramarfl.gov. Jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou fè ekonomi dlo ak lajan lè ou vizite <https://conservationpays.com/>.



CHÈCHE LABÈL LA

Labèl WaterSense lan ap ede w idantifye pwodui, kay ak pwogram gran efisyans yo. Opsyon ki pèmèt ekonomi dlo sa a yo, yo bay menm pèfòmans ak kalite ke w ap tann nan avèk yon avantaj ekonomi dlo anplis.

Pwodui sa a yo gen tyès pati endepandan ki sètifye yo e yo reponn a espesifikasyon EPA pou sa ki konsène itilizasyon efisyans dlo a ak pèfòmans. Konsa, lè ou itilize pwodui ki gen labèl WaterSense sou yo lakay ou oswa nan biznis ou, ou kapab sèten ke w ap fè ekonomi dlo san ou pa pèdi kalite.

Regleman Irigasyon Amenajman Peyizaje Pandan Tout Ane a pou Vil Miramar

Regleman Distri Jesyon Dlo Sid Florid konsènan Irigasyon Amenajman Peyizaje Pandan Tout Ane a ak òdonans lokal yo, yo fikse limit awozaj pelouze pandan tout ane a nan Sid Florid. Miramar gen obligasyon pou li suiv orè Konte Broward la nou kapab jwenn nan Lawn Watering Restrictions | South Florida Water Management District (sfwmd.gov) epi ke yo dekri anba la:



Tout Amenajman Peyizaje yo (jaden pou fè bèbèl yo, flè, gazon)

- Yo otorize awozaj sèlman anvan 10zè di maten oswa apre 4rè nan aprèmidi.
- Rezidan (moun ki abite nan zòn nan) ak biznis ke nimewo kay la nan adrès yo se yon nonb **enpè**, yo kapab awoze pelouze yo ak amenajman peyizaje yo lè **mèkredi** ak/oswa lè **samdi** anvan 10zè di maten oswa apre 4rè nan aprèmidi.
- Rezidan ak biznis ke nimewo kay la nan adrès yo se yon nonb pè, sila yo ki pa gen adrès, oswa sila yo ki irige adrès pè ak adrès enpè andedan menm zòn yo, sa ki kapab enkli inite ki gen plizyè fanmi ak asosyasyon pwopriyetè kay, yo kapab awoze pelouze ak amenajman peyizaje lè **jedi** ak/oswa lè **dimanch** sèlman anvan 10zè di maten oswa apre 4rè nan aprèmidi.
- Pou itilizasyon dlo ki pi efisyans an, rezidan yo ta dwe evite irige amenajman peyizaje yo a plis pase yon fwa pa jou.



Nouvo amenajman peyizaje, gazon, oswa lòt plantasyon

- Yo kapab awoze nouvo amenajman peyizaje ki te an plas **depi mwens pase 30 jou**, lè **lendi**, lè **madi**, lè **mèkredi**, lè **jedi**, lè **samdi** ak lè **dimanch** sèlman anvan 10zè di maten oswa apre 4rè nan aprèmidi.
- Yo kapab awoze amenajman peyizaje ki te an plas **depi soti 31 pou rive 90 jou**, lè **lendi**, lè **mèkredi**, lè **jedi**, ak lè **samdi** sèlman anvan 10zè di maten oswa apre 4rè nan aprèmidi.

Dlo Resikle pou Irigasyon


- Residans ak biznis ki itilize dlo resikle pou irigasyon, yo kapab awoze kèlkeswa jou a, sòf ke yo pa gen dwa awoze ant 10zè di maten ak 4rè nan aprèmidi.

Vyolasyon yo

- Enstitisyon lokal aplikasyon lalwa oswa ajans aplikasyon zoning ak kòd vil/konte yo, yo gen otorite pou emèt avètisman ak sitasyon ki ka mennen nan amand.
- Yo kapab rapòte vyolasyon restriksyon dlo yo bay Sèvis Aplikasyon Lalwa Vil Miramar nan **954-602-HELP (4357)**.

MIZAJOU SOU PWOJÈ DLO YO AK PWOJÈ DLO IZE YO POU ANE 2024

Amelyorasyon Katye yo
Depatman Sèvis Piblik Vil Miramar la kontinye angajman nou nan fè amelyorasyon nan dlo ak dlo ize nan tout Vil la.



Pwogram Deteksyon Fuit
Pou fè pwomosyon efò konsèvasyon yo, Vil Miramar te inisye Pwogram Deteksyon Fuit Dlo nan Tout Vil la. Nan lane 2024, nou te anboche yon kontraktè pou enstale 123 detektè presyon dlo epi reyalize 99 ranplasman total conduit (total line replacements), sa ki pral ede nou pi plis nan fè ekonomi dlo.



Reyabilitasyon Sistèm Kòlèk Dlo Ize

Sistèm kòlèk dlo ize Vil Miramar la founi sèvis egou a rezidan ak biznis Miramar yo. Akòz y ap pran laj epi tou deteryorasyon nòmal, kanalizasyon egou ki te konstwi nan ane 1950 yo bezwen repare ak/oswa ranplase lè yo rive nan fen lavi itil yo. An 2024, antretyen regilye sistèm kòlèk dlo ize Vil la te gen ladan netwayaj, enspeksyon televize ak revètman 15,000 pye lineyè egou kolektè gravitè, enspeksyon ak netwayaj 124 rega (twou egou oswa “manhole”), ak reyabilitasyon 32 rega.



Koneksyon Kliyan Dlo Resikle yo

Nan kad efò konsèvasyon nou yo, Vil Miramar pral kontinye egzekite program dlo resikle li a epi etann sèvis dlo yo a pou plis kominote ak biznis kapab benefisye de li. Lè Vil la konekte plis kliyan nan sistèm dlo resikle a, sa pèmèt Vil la pou li fè pwomosyon konsèvasyon dlo epi ankouraje yon itilizasyon efisyan e efikas dlo resikle. An 2024, Vil la te idantifye senk (5) nouvo itilizatè dlo resikle ke Distri Jesyon Dlo nan Sid Florid (SFWMD) te otorize pou yo fè irigasyon. Vil Miramar kontinye kolabore ak Eta Florid, Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid, Depatman Pwoteksyon Anviwònman ak Jesyon Kwasans Konte Broward ak Distri Jesyon Dlo nan Sid Florid nan fè pwomosyon reyitilizasyon ak konsèvasyon dlo.



Agrandisman Sistèm Dlo Resikle

Vil Miramar ap mennen yon Pwogram Tretman Dlo Resikle djanm nan WWRF la (WWRF vle di Waste Water Reclamation Facility oswa Izin Resiklay Dlo Ize). WWRF la gen yon kapasite tretman dlo ize otorize ki se 12.7 MGD (Milyon Galon Pa Jou), tandiske pwogram dlo resikle a gen yon kapasite otorize ki se 7.5 MGD dlo resikle gran kalite pou aksè piblik san limit (irigasyon) ak itilizasyon andedan izin. Yo idantifye koridò nou pral di la a yo pou agrandisman nan tan ki pral vini yo: Pembroke Road ant SW 160th Avenue pou rive SW 178th Avenue, SW 172nd Avenue ant Pembroke Road ak Miramar Parkway, ak Miramar Parkway ant SW 160th Avenue pou rive SW 184th Avenue. An 2024, konstriksyon conduit prensipal la (main pipeline) te finalize. Pwojè a te finalize epi sètifye pa Konte Broward epi li ap klotire nan lane 2025 lan jan sa te prevwa.